



Pou Piblikasyon Imedya: 09/07/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO & DELEGASYON SOLIDARITE POU PÒTORIKO

Foto depa delegasyon an nan Ayewopò John F. Kennedy disponib [la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te pati pou Pòtoriko avèk yon delegasyon New York ki pral diskite sou kriz swen sante ki ankou gouvènman Pòtoriken an ak defi ekonomik yo. Gouvènè a ansanm avèk delegasyon an pral rankontre avèk otorite Pòtoriken yo e li pral diskite tou sou bezwen pou Washington pran aksyon pou ede Pòtoriko.

“Gouvènman Pòtoriken an ap fè fas avèk yon sitiyasyon kriz reyèl alafwa nan swen sante ak nan ekonomi yo, e objektif nou se pou nou jwenn fason ki osi itil ke posib,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Koneksyon ant New York ak Pòtoriko se youn ki date depi anpil jenerasyon, e mwen fyè pou m dirije delegasyon sa a epi rejwenn Gouvènè García Padilla kòm nap travay pou ede Pòtoriko jwenn yon wout pou pwosperite ankò.”

Delegasyon an pral rive nan Pòtoriko nan apeprè vè 6:00 p.m. apremidi a e lap patisipe nan yon resepsyon byenveni ke Gouvènè Pòtoriken Alejandro García Padilla te òganize nan La Fortelleza.

Delegasyon an gen ladann :

Prezidan Konsèy Vil New York Melissa Mark-Viverito
Avoka Jeneral Eric Schneiderman
Prezidan Asanble a Carl Heastie
Manm Asanble Marcos Crespo
Prezidan Awondisman Bronx Rubén Díaz, Jr.
Kontwolè Vil New York Scott Stringer
Manm Kongrè Charles B. Rangel:
Depite Nydia Velázquez
Komisyone Sante Eta New York Dr. Howard Zucker
Direktè Medicaid Eta New York Jason Helgeson
Prezidan Konsèy Administrasyon SUNY H. Carl McCall
Sekretè Deta Eta New York Cesar Perales
Prezidan Kowalisyon Kriz Swen Sante Pòtoriko Dennis Rivera
1199SEIU Prezidan George Gresham

Prezidan ak PDG Asosyasyon Lopital Greater New York (GNYHA) Kenneth Raske

Wap jwenn Foto depa delegasyon an ki soti nan Ayewopò John F. Kennedy byen bonè apremidi a [la](#). Wap jwenn plis enfòmasyon disponib tou [la](#).

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418